

Prezidan Joseph R. Biden, Jr. Apwouve Deklarasyon Ijans pou Zile Vyèj Ameriken yo

Release Date: Out 19, 2024

WASHINGTON -- FEMA te anonse jodi a ke asistans federal pou katastwòf disponib pou Zile Vyèj Ameriken yo pou konplete efò repons akòz kondisyon ijans ki soti nan Tanpèt Twopikal Ernesto apati 13 out 2024, epi k ap kontinye.

Aksyon Prezidan an otorize FEMA pou kowòdone tout efò sekou pou katastwòf pou soulaje difikilte ak soufrans ijans la te koze sou popilasyon lokal la epi pou bay asistans apwopriye pou sove lavi, pwoteje pwopriyete, sante ak sekirite piblik epi diminye oswa evite menas yon katastwòf. Asistans sa a se pou zile St Croix, St John, St Thomas ak Water Island.

Espesyalman, FEMA gen otorizasyon pou idantifye, mobilize ak bay, selon diskresyon li, ekipman ak resous ki nesèsè pou soulaje enpak ijans lan. Yo pral bay mezi pwoteksyon ijans, ki gen ladan asistans federal dirèk, anba pwogram asistans piblik la, pral finanse jiska 75% pa federal.

Christopher W. Allen te nonmen Ofisye Kowòdinasyon Federal pou operasyon rekiperasyon federal nan zòn ki afekte yo.



FEMA

Page 1 of 1